भ्रामक समाचार, हल्ला आ अफवाहसभसँ जेना जनजिवन अस्त व्यस्त बनेने छलै, अखन कोरोना भाईरसके महामारीके अवस्था सेहो तेहने छैक । हमसभ् मिलक एकर निराकरणमे महत्वपूर्ण भूमिका निर्वाह क सकैत छी । एहिके लेल अपनासभके विश्वसनिय आ श्रोत खुलल सहि सूचना निर्णायिक तहतक प्रवाह क सकैत छी ।

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।



कोरोनाको संकेतमा तापक्रम जाच गर्दै
तस्बिर: Sunil Pradha/Anadolu




## कोभिड - १९ के ट्रेसिङ आ टेस्टिङ कार्यमे सहयोग आ सहजिकरणके लेल सरकारबाट विशेष टिमके गठन



### टिमके संरचना:

जनस्वास्थ्य अधिकृत १ कोई
ल्याव टेक्नीसियन/असिस्टेन्ट १ कोई
प्यारामेडिक/नर्स १ कोई

## टिम परिचालन



प्रत्येक महानगरपालिकामा
५ टा समुह




प्रत्येक उप-महानगरपालिकामा
३ टा समुह



प्रत्येक नगरपालिकामा
२ टा समुह



प्रत्येक गाउँपालिकामा
१ टा समुह

# हल्ला आ तथ्य



वैदेशिक रोजगारीमे जायबला कामदारके आब सरकार अनुमती देबएके निर्णय कएलक कहादुन ।

कोरियन भाषा परिक्षा ईपीएस पास भएक छानल गेल कामदारके सरकार अनुमती देबए लागल अछि । ईपीएस सेवा अन्तरगत कोरिया जाएबला कामदारके मात्रे दु देशके आपसी सल्लाह आ सहमतीमे कोरिया जाएके लेल अनुमती देबएके निर्णय मन्त्रीपरिषद कएने अछि । खाडी मुलुकके लेल भिषा आईवगेल या अनुमती लललेने कामदारके हकमे ई निर्णय लागु नहि हेतैक ।



विश्व स्वास्थ्य संगठन नेपालमे आब कोरोनाके जोखिम नहि छैक कहलक कहादुन ।

विश्व स्वास्थ्य संगठन अपन नियमित स्थिति प्रतिवेदनमे संक्रमण जोखिमके आधारमे चारि तहमे वर्गिकरण कएक करैत अछि । जाहि अन्तरगत नेपालके एहिसँ पहिले अति जोखिमके सूचीमे रखने छल त आब एक स्तर वृद्धि कए जोखिममे रखने अछि । रणनीतिक तैयारी आ प्रतिकार्य योजनाके आधारमे एकर मूल्यांकन कएल जाईत अछि । ई महामारी भएला सँ सब देश जाखिममे हेतैक सेहो विश्व स्वास्थ्य संगठन जनौलक अछि ।



विश्वविद्यालय अनलाईन कक्षा सञ्चालन कएलक कहिक सुनलजाईत अछि । कि एहिके आधारमे विद्यार्थीके परिक्षा देबए पड़तै ?

त्रि.वि.के अधिकांश विभाग आ क्याम्पस जूम, गुगल, एसएमएससँ अनलाईन कक्षा चलाबैत आबिरहल अछि । प्रत्येक अनलाईन कक्षाके रेकर्ड राखि सम्बन्धित प्राध्यापक अपन निकायमे इमेलमे पठाबए परैत अछि । कोनो भी कक्षामे उपस्थित होबए नहि पाएल विद्यार्थीके रेकर्ड उपलब्ध कराओल जेतै । अनलाइन कक्षामे सहभागी भेलके हाजिर अनुसार शिक्षकके पारिश्रमिक आ विद्यार्थीके परिक्षामे सहभागि कराबएके कहिक निर्देशिका सेहो विश्वविद्यालय जारी कएने अछि ।



लाखौं युवकसभ वैदेशिक रोजगारीसँ आबए के निश्चित अछि । एहिसँ बेरोजगारीके विकराल अवस्था श्रृजना हेतै । एहि सन्दर्भमे सरकारके योजना कि छै ?

एहिके लेल बेरोजगारके लागत संकलन कएनाई, तकरा अद्यावधिक कएनाई आ वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आएल युवकके लक्षित कए नयाँ बजेटमे १० अर्ब रुपैयाँ बराबरके स्वरोजगार कार्यक्रम लाओल जासकै तैके लेल श्रम, रोजगार तथा सामाजिक सुरक्षा मन्त्रालय आन्तरिक तैयारी करए लागल अछि ।

## सूचनाका स्रोतहरू

नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय कोरोना भाईरस रोग (COVID – 19) सम्बन्धी स्वास्थ्य क्षेत्रको प्रतिकाय

जोन्स् होपकिन्स् कोरोना भाइरस स्रोत केन्द्र

स्वास्थ्य र जनसंख्या मन्त्रालय

कोरोना कोष सञ्चालन निर्देशिका, २०७६

कोभिड(१९ को अवस्थाअ

कृषि तथा पशुपंछी विकास मन्त्रालय

नेपाल श्रम शक्ति सर्वेक्षण

सुरक्षित हुन के गर्ने

प्रधानमन्त्री तथा मन्त्रीपरिषदको कार्यालय



# मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमे रहल नेपाली कामदार

| देश | नेपाली | संक्रमित | नेपाली संक्रमित |
|---|---|---|---|
| साउदी अरव | ३,५२,६६७ | १७,५२२ | ४ |
| कुवेत | ८२,६३० | ३,०७५ | २१ |
| बहराईन | २८,२७६ | २,६३३ | ४९ |
| कतार | ४,३७,००९ | १०,२८७ | २ |
| युएई | २३,११,०८८ | १०,३४९ | ७१ |
| ओमान | ८,२५० | १,९९८ | |
| मलेसिया | ४,६९,१३१ | ५,७८० | ३ |
| दक्षिण कोरिया | ५३,६९१ | १०,७३८ | |




ShramikSanjal

## खाडी मुलुकसँ दुटा समाचार

**कुवेत:** कुवेतमे देबए लागल आममाफीके लेल २६ सँ ३० अप्रिल तक नेपालीसभके लेल समय तोकल गेल अछि । कागजपत्र नहिभेल कामदारसभके नेपाली दुतावास कागज पत्र (ट्राभल डकुमेन्ट) उपलब्ध कराराहल अछि । नेपाल सरकारके सहयोगमे कुवेतमे डकुमेन्ट बिना रहिरहल हजारौं कामदारसभ ई सुविधा लेब पौने अछि ।

**यु.ए.ई.:** २४ सौं घण्टा लकडाउन कएने दुबई लकडाउनके ढिला करएके साथे किछुदिन सँ बन्द रहल दुबई मेट्रो पुन: सूचारु कएने अछि ।

## सरकारके सुझाव



विदेशमे हजारौं कामदारसभ अपन रोजगारी गुमौने अछि । हजारौं कामदार बेतलबी बिदामे अछि । एहन समयमे अप्पन घर जाए पौनाई नैसर्गिक अधिकार छैक । लेकिन, सरकारके कएल देशव्यापी लकडाउन आ अन्तरराष्ट्रिय उडान बन्द भेलाके कारणे अखन परदेशमे कठिनाईमे पैरक अप्पन देश फिर्ता आबए चाहबला लाखौं कामदारसभके स्वदेश आबए देनाई आ ओहीके लेल उचित व्यवस्था कएनाई सरकारके दायित्व छैक । आ कामदारसभ एकर निकास जल्दीए हेतै ताहिमे बहुते आशावादी रहल अछि ।



सही सूचना

# वैदेशिक रोजगारीमे रहल कामदारसभ गन्तव्य राष्ट्रमे जान गुमारहल अछि । कि एहि विषयमे नेपाल सरकार कोनो जिज्ञासा रखने अछि ?

बहुतो देशसभमे कोभिड - १९ सँ संक्रमित आ मृत्यु होबएवला नेपालीसभके संख्या




नेपालेमे कोरोनासँ संक्रमित आ मृत्युके संख्याके विदेशमे संक्रमित आ मृत्यु होबएबला नेपालीके संख्यासँ तुलना कएलापर अवस्था सोचनिय अछि । यु.ए.ई., कुवेत, आ बहराईन लगाएतके खांडी मुलुकमे बहुतो नेपालीसभ रोकल गेल अछि । तेना विदेशमे रोकाएल नेपाली श्रमिकसभके सुरक्षित रुपमे स्वदेश फिर्ता लाबै लेल सरकार विशेष रणनीति बनावएके साथे कूटनीतिक पहल करएके प्रष्टरुपसँ जरुरत देखाईत अछि ।

## वैदेशिक रोजगारीमे रहेका नेपालीबिचके त्रास:



कोरोना भाईरस संक्रमित हुनु



बलजफ्ती नेपाल फकाईनु



रोजगारीबाट निकालिनु



परिवारसंग सम्पर्क बिच्छेद र मानसिक आघात हुन

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी

## संघिय सरकार

तीन वेर कएक नेपाल सरकार
अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याओल
**करिब १ अर्ब ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण,
रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमे जम्मा
**करिब २ अर्ब १० करोड**



जम्मा

खर्च

कोरोना भाईरस विरुद्धके गतिविधिमे
नेपाल सरकार कएने खर्च
**करिब १ अर्ब ५० करोड**

| प्रदेश | जम्मा रकम | खर्च गारिएको रकम | बाँकी रकम |
|---|---|---|---|
| प्रदेश १ | करिब २८ करोड ८२ लाख | करिब १२ करोड ६ लाख | करिब १६ करोड ७६ लाख |
| प्रदेश २ | ६१ करोड | १७ करोड ७० लाख | ४३ करोड ३० लाख |
| बागमती प्रदेश | ??? | १२ करोड ३२ लाख | ??? |
| गण्डकी प्रदेश | करिब १५ करोड | ९ करोड २० लाख | ५ करोड ८० लाख |
| प्रदेश ५ | २३ करोड ६० लाख | १३ करोड ६० लाख | १० करोड |
| कर्णाली प्रदेश | ??? | १३ करोड २० लाख | ??? |
| सुदुरपश्चिम प्रदेश | करिब ४० करोड २७ लाख | २० करोड १९ लाख | २० करोड ८ लाख |

नोटः ई विवरण पूर्ण नहि अछि । उपलब्ध माध्यमसँ संकलित कए राखल गेल अछि ।
आओर सही तथ्यांक संकलन कए परिमार्जन करैत जाएब ।

# कोरोना विषाणु वातावरणमे पारने किछु सकारात्मक असरसभ

संकट अपनामे बढिया नहि अछि मुदा, कोरोना विषाणुके आनल सकारात्मक असरके पक्षके सेहो नकार नहि मिलत ।







## हावाके गुणस्तरमे सुधार

विश्व अखन आराम करहल जेना अछि । नेपाल सेहो एकर अपवाद नहि रहल । मानविय गतिविधिसभ ठप्प जेना भेलासँ एकर सकारात्मक प्रभाव हावाके गुणस्तर सुधारमे पड़ल अछि ।

## हरित गृह ग्यास उत्सर्जनमे कमि



एहिसँ पहिले सन् २००८ - २००९ के विश्व आर्थिक मन्दीके समयमे हरित गृह ग्याँसके उत्सर्जनमे कमी आएल छलै । अखन  विश्व भैरमे बड़का उद्योगसभ ठप्प भेलासँ हरित गृह ग्याँस उत्सर्जनमे कमि आएल अछि ।



## हिमाली क्षेत्रमे प्रदुषणमे कमि

लकडाउनसँ आन्तरिक तथा बाह्रय पर्यटकके आवाजाही सेहो पूर्ण रुपसँ ठप्प भेलासँ हिमाली क्षेत्रमे होबएवला प्रदुषणमे कमि आएल अछि । जाहिके कारणसँ ओत्के तापमानमे सन्तुलन आएल अछि ।

## राष्ट्रिय निकुञ्जमे होवएबला कोलाहलमे कमि



सरकारद्वारा निकुञ्ज, पार्क लगाएतमे  आवाजाही करमे प्रतिबन्ध लगेलाके कारण निकुञ्जमे होवएबला हल्ला आ कोलाहलमे कमि आएल अछि ।



## नविकरण करए नहि मिलवला उर्जाके प्रयोगमे कटौती

अखन लकडाउनके समयमे अत्यावश्यकिय सामानसभके ढुवानी करए मात्रे सवारीसाधन सञ्चालनमे छैक । अनुमानित ५% मात्रे सवारीसाधन चलिरहल अछि । एहिसँ उर्जाके खपतमे भारी कटौती कएने अछि ।

# हमरा कोरोना भाईरसको संक्रमण देखाएत त कि करब?

## COVID-19
## हटलाईन सेवा

टोल फ्री हटलाइन
२४ घण्डाटा क्टर परामर्श
१११५ र ११३३

हिंसा र दुरुपयोगाके
जानकारी
९८०११९३०८८

खाना
१०० र ११३७

### एकर परिक्षण कतए होईत अछि?

एहि रोगाके परिक्षण राष्ट्रिय जनस्वास्थ्य प्रयोगाशाला टेकुके साथे सब प्रदेशमे कए जम्मा १४ टा ठाँमसभमे कोभिड-१९ के पि.सि.आर. विधिसँ नमूना परिक्षण करबला प्रयोगाशालासभ सञ्चालनमे छैक आ आ.डि.टि. प्रविधिसँ ७७ टा जिलामे एकर परिक्षण होईत अछि ।

### बिमार आदमी अपने प्रयोगाशालामे जासकैत अछि कि नहि? कते शुल्क लगौछै ?

बिमार आदमी अपने प्रयोगाशालामे नहि आईब सकैत अछि । एकर जाँचके लेल कोनो शुल्क नहि लगौत छैक ।

### रिपोर्ट आउन कति समय लागछ?

पि.सि.आर. विधिसँ नमूना प्रयोगाशालामे पठौलाके ६ सँ ४८ घण्टामे एकर रिपोर्ट लेल जासकैत अछि त, आ.डि.टि. प्रविधिसँ १५ मिनटमे एकर रिपोर्ट बुझल जासकैत अछि ।

एहि अंकमे समेटल गेल हल्ला, सवाल एवम् सूचनासभ, बहुतो संस्था, व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, आ सिभिक एक्सन टिम एहि अप्रिल महिना भितर २००० सं बेसी व्यक्तिसभसंगेके संवादसं संकलन कएलगेल छैक । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दएक हल्ला, सवाल एवम् जिज्ञासासभक चयन कएलगेल अछि । एहि अंकमे समेटल गेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल तिथितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219